

Date : August 12, 2015

Nimewo Pwogram Nan : 0962

Tit Pwogram Nan : Ebre 6:6-20

Se avèk anpil plezi m'ap resevwa w' nan etid la pou jounen an pasaj nou se Ebre 6:6-20

Annou priye Bondye.

Mèsi Senyè pou jounen jodia a, pou etid sa a e pou prezans nou nan etid la. Ke tou sa ki fèt kapab soti nan Ou, ke l' ka sèvi pou glorifye non W, e edifye nanm nou nan prezans Ou! Se nan non Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W, amèn.

Ou nan etid bibliik Atravè Labib, pasaj nou se Ebre 6:6-20.

Ebre 6 :6-9 Apre sa, si yo voye konfyans yo nan Bondye jete, pa gen mwayen pou yo tounen vin jwenn Bondye ankò. Paske, yo kloure Pitit Bondye a yon dezyèm fwa sou kwa a. Yo fè l' wont devan tout moun ankò.

Lè yon tè bwè dlo lapli ki tonbe anpil sou li, si li pouse plant ki ka sèvi moun k'ap travay li a, Bondye ap beni li.

Men, si li pouse pikan ak pengwen, li pa vo anyen. Bondye riske ba l' madichon. Lè sa a, yo ka boule li.

Nou mèt wè m' ap pale konsa, frè m' yo, mwen gen anpil konfyans nan nou toujou. Mwen konnen nou nan chemen ki pou delivre nou an.

Se dènye vèsè a, Ebre 6:9 ki kle pasaj la, men pou n' vrèman konprann sa k'ap di la a nou bezwen pran tan konsidere tout kontèks la. Akoz tan nou pap reprann tou sa nou te deja di nan

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

pwogram pase a. Si w' pa t' la la e ke w ta bezwen plis detay ou ka toujou konsilte sit nou ki se ttb.twr.org/Creole pou yon mizajou.

Sou sa nou te di nan pwogram pase a m'ap sèlman fè w sonje nou te pale sou plizyè entèpretasyon ki genyen sou pasaj sa.

Yonn ki pa satisfè m ditou se entèpretasyon ki ta vle fè kwè kretyen yo yo mansyone isit la se kretyen ki te pèdi sali yo. Ki vle di moun sa yo yon lè te sove men rive kounyea yo pa sove ankò paske yo te pèdi sali yo. M' te renmen presize: pèsònèlman m' kwè nan yon sali etènèl, m' kwè kretyen an totalman asire nan Kris e ke l' pa ka pèdi sali li nan okenn fason paske Bib la dapre mwen trè klè e ensiste sou sa. Pa egzanp nou ka li Women 8:34-39 sou sa.

Gen yon dezyèm entèpretasyon ki avanse sa se yon ka ipotetik, ou ankò yon teori, yon pwobabilite. Se pa ke yo pèdi men se "*Si yo voye konfyans yo nan Bondye jete...*" Donk "si" sa a se sèlman yon evantyalite yon posiblité si pa malè sa ta rive.

Twazyèm entèpretasyon an li menm li di pa gen okenn konjonksyon "si" nan vèsyon orijinal Grèk la vre. Se pito yon patisip yo ta dwe tradwi kòm: kòm. Pakonsekan yo pa ta dwe di: "*si yo voye konfyans yo nan Bondye jete*" men pito "*kòm yo voye konfyans yo nan Bondye jete.*"

Gen lòt ekspozitè ki pran pozisyon pou di kòm kretyen y'ap pale de yo la a se kretyen jwif ki t'ap nan premye syèk la, se pou yo ase avètisman sa a aplikab.

Senkyèmman, gen yon lòt gwoup moun ki mete tout anfaz la sou mo "enposib" la nan Ebre 6:4. Yo di li enposib pou renouvle yo,

donk lide a isit la sèke l' enposib pou lòm, men l' pa enposib pou Bondye.

Tou sa se bagay nou te wè nan pwogram pase a, kounyea kite m' pataje ak ou yon entèpretasyon ki konstitiye yon benediksyon pou nanm mwen, m'espere w' va pran pasyans pou w' koute m' ak atansyon, ak entelijans e san prejije. Sa te afekte m' anpil e te menm atriste wè m' pa t' ka jwenn yon entèpretasyon ki satisfè m' sou pasaj sa a. Epi, kèk lanne pase, m' t'al tonbe sou yon kopi liv yo rele *Bibliotheca Sacra*, ke Seminè Teolojik Dalas te pibliye, e m' te li yon atik sou sizyèm chapit lèt Ebre a ke Dr. J.B. Rowell, ki lè sa a te pastè Central Baptist Church nan vil Victoria, nan eta British Columbia, te ekri. Se entèpretasyon l' lan k' te meyè entèpretasyon m' te janm tande sou tèks sa a. Donk m' bay Dr. Rowell tout kredi sa m' pral di la yo. Sa pa mwen k' te envante entèpretasyon sa byenke, evidamman, m' ajanse l' pou reponn a fason m' konprann li a.

Tou dabò, kite m' fè w' remake se pa sou kesyon sali otè a ap pale isit la ditou. M' kwè l'ap pale sou moun sove, "*...yo te goute kado Bondye te ba yo a, yo te resevwa pòsyon pa yo nan Sentespri Bondye a. Yo te goute pawòl Bondye a, yo te wè l' te gou. Yo te santi nan lavi yo pouvwa k'ap travay nan tan k'ap vini an.*"

Tout estrikti e kontèks deklarasyon sa a demontre l'ap pale sou rekonpans ki li menm se rezilta sali. Li di nan vèsè 6 la: "*Aprè sa, si yo voye konfyans yo nan Bondye jete...*" La ankò nou jwenn kèk nyans nan diferan tradiksyon yo paske gen yon lòt tradiksyon ki di: "*Aprè sa si yo chite, pou renouvle yo ankò nan repantans...*" Remake yo pa di sali men repantans. E se sèlman kretyen, moun ki deja kwè Bondye mande repanti. Si w' kwè se manti, li sèt lèt yo yo te ekri sèt legliz Lazi Minè yo pou w' wè, tankou nou jwenn sa nan Revelasyon 2 e 3. W'ap wè yo mande chak legliz sa yo

©Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

repanti. Paske repantans se yon mesaj pou kretyen, pou moun ki deja sove.

Kifè otè lèt Ebre a ap pale sou fwi sali a, non pa sou orijin ou rasin sali. Fè yon lòt koudèy sou vèsè 9 la ankò pou wè. Li di: "*Nou mèt wè m' ap pale konsa, frè m' yo, mwen gen anpil konfyans nan nou toujou. Mwen konnen nou nan chemen ki pou delivre nou an.*" La ankò gen yon nyans ant tradiksyon nou an ak lòt tradiksyon yo, paske gen yon lòt tradiksyon ki di: "*Men, frè m' yo, nou mèt wè m' ap pale konsa, m' espere pi bon bagay de nou toujou, e bagay k' ap akonpaye sali nou.*" Remake se pa "sali" l' ap diskite men pito bagay ki mache ak sali a. L' ap pale sou fwi lavi kretyèn nan e rekonpans l' ap jwenn kòm rezilta a. Vrè sans pasaj la sèke l' ap avèti yo sou danje pou yo ta pèdi rekonpans yo. Nou li nan 1 Korint 3:11-15: "*Paske fondasyon an deja la: se Jezikri. Pesonn pa ka poze yon lòt. Gen moun k' ap sevi ak lò, osinon ak lajan, osinon ak bèl wòch ki koute chè pou bati sou fondasyon an. Gen lòt menm k' ap sevi ak bwa, ak zèb chèch, ak pay. Men, se jou jijman an n' a wè ki kalite travay chak moun te bay. Se jou sa a ki va devwale kalite travay chak moun te fè. Paske jou sa a, se nan mitan dife l' ap parèt. Dife a pral sonde travay chak moun. L' ap fè wè kalite travay yo. Si dife a pa boule travay yon moun bati sou fondasyon an, moun sa a ap resevwa rekonpans li. Men tou, si dife a boule travay yon moun, moun sa a ap pèdi travay li. Men li menm, l' ap sove, tankou yon moun ki chape nan yon kay k' ap boule.*" Zanmi, Bondye va gen pou L' teste travay chak kretyen an patikilye nan dife, e tankou w' konnen dife boule. Y' a gen pou yo pase travay w' ap fè yo jodia pou Kris nan dife pou teste yo.

Yon jou, chak kwayan va gen pou kanpe devan twòn jijman Kris la. Franchman, m' swete m' ta ka ede moun sove yo konprann se pa va yon ti eksperyans jwèt kote Senyè Jezi va bat do w' pou felisite w' pou di: "Ou se yon bon ti gason, ou se yon bon ti fi ki

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

pa t' rate yon klas dominikal menm pandan dizan. Sa se bèl bagay, felisitasyon!" Non, Senyè a va antre pi fon nan dosye a. Li pral teste w' pou wè si reyèlman w' te pwodwi fwi nan lavi w'. Eske w' te grandi nan gras ak konesans Li? Eske w' te yon temwen ou yon anbasadè pou Li? Eske lavi w' te konte pou Li? Eske w' te yon benediksyon pou lòt moun? Frè m' ak sè m' yo, jijman devan twòn Kris la se pa yon bagay m' pran ala lejè ditou, paske w' Senyè a gen pou depatcha Storly Michel pak an pak. Sètènman se pa va yon jijman pou sali paske m' deja sove men l' pral sonde m' byen sonde pou wè si m' merite yon rekonpans.

Kifè gade byen l'ap ilistre fwi lavi kretyèn nan, li di nan vèsè 7,8: *"Lè yon tè bwè dlo lapli ki tonbe anpil sou li, si li pouse plant ki ka sèvi moun k'ap travay li a, Bondye ap beni li. Men, si li pouse pikan ak pengwen, li pa vo anyen. Bondye riske ba l' madichon. Lè sa a, yo ka boule li."* Si lavi kretyen pwodwi fwi, l'a resevwa benediksyon nan men Bondye; men si se pikan ak penkwen l' pwodwi, yo va rejete l'.

Lè apot Pòl te ekri Tit, yon jenn predikatè, li te pale sou kesyon travay ou zèv. Li te di nan Tit 3:5: *"Li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou..."* Petèt lè yon moun tande sa, li ka gentan panse Pòl pa gen okenn konsiderasyon pou bon zèv oswa travay kretyen an men la menm nan menm Tit chapit 3 li di nan vèsè 8: *"Sa se pawòl sèten. Mwen ta renmen ou peze sou bagay sa yo anpil pou tout moun ki mete konfyans yo nan Bondye ka okipe tout tan yo ap fè sa ki byen. Se bagay konsa ki bon, ki kapab sèvi tout moun."* Fè sa ki byen ou bon zèv pa gen anyen pou wè ak delivrans men lè yon moun fin sove, lè l' fin tounen pitit Bondye pa lafwa nan Senyè Jezi, bon zèv vin gen yon plas primòdyal.

Nan Jan chapit 15 Senyè Jezi pale sou reyalite ke Li se pye bwa a, pye rezen otantik la, e nou se branch lan. Si se vre nou kole nan brach lan enben nou bezwen pwodwi fwi. Senyè a di nan Jan 15:7, 8: "*Si nou fè yonn ak mwèn, si nou kenbe pawòl mwèn yo nan kè nou, nou mèt mande sa nou vle, y'a ban nou li. Men ki jan pouvwa Papa m' lan va parèt aklè: se lè nou donnen anpil, lè nou fè wè se disip mwèn nou ye.*" Li vle pou nou donnen e pwodwi anpil fwi. Men ki sa k' rive lè yon branch pa donnen? Jan 15:6: "*Moun ki pa fè yonn ak mwèn, y'ap koupe l' voye jete; l'ap cheche tankou yon branch bwa. Lè branch bwa yo cheche, yo ranmase yo, yo jete yo nan dife, yo boule yo.*" Y'a koupe sa voye jete, Mèt jaden an va wete l' nan pozisyon kote l' te ye a, nan pozisyon kote l' te ka pwodwi fwi. M' kwè se sou sa otè lèt Ebre a ap pale isit la.

Vèsè 6 la di: *si yo voye konfyans yo nan Bondye jete, pa gen mwayen pou yo tounen vin jwenn Bondye ankò.*" Yo ka mete dlo nan je e kriye otan yo kapab, men yo deja pèdi temwayaj yo. Pa egzanp gen yon pastè ki te vin prezante m' sitiyasyon l'. Li te kite zonn nan e t'al eseye etabli yon ministè yon lòt kote. Men l' te echwe. Li te gen yon ti fanm deyò e sa te lakòz li pèdi temwayaj li. Bon m' dakò se pa bagay kounyea afè a te fin regle. "Li posib pou restore yo pa mwayen repantans." M' pa kesyone sali li; li se yon nonm trè talantye Bondye ta ka sèvi yon fason ekstraòdinè men sa pa fèt. "*Paske, yo kloure Pitit Bondye a yon dezyèm fwa sou kwa a. Yo fè l' wont devan tout moun ankò.*" Zanmi, nenpòt lè ou menm kòm pitit Bondye ki fèt yon dezyèm fwa ta pèdi kat marenn ou pou w'ap viv tankou pitit Satan, se kloure w'ap kloure Pitit Bondye a, paske L' te vini pou ba w' yon redanmsyon pafè e pou rann ou kapab pa mwayen Lespri sen k'ap viv nan ou a, pou Lespri Sen ka ranpli w' nèt ale e pou w' ka viv pou Li.

Kounyea nou li nan vèsè 7: "*Lè yon tè bwè dlo lapli ki tonbe anpil sou li, si li pouse plant ki ka sèvi moun k'ap travay li a, Bondye ap*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

beni li." Fwi latè pwodwi se yon benediksyon pou lòm, e ala sa gou nan bouch! "*Men, si li pouse pikan ak pengwen, li pa vo anyen. Bondye riske ba l' madichon. Lè sa a, yo ka boule li.*" Vèsyon nou an di: Bondye riske ba l' madichon. Men ki lòt vèsyon ki presize: Bondye ap voye l' jete e ba l' madichon. Mo voye jete a isit se mo grèk adokimos, menm mo Pòl te itilize lè l' t'ap ekri kretyen lavil Korent yo, kote l' di nan I Korent 9:27: "*Mwen aji di ak kò m', mwen kenbe l' kout, pou mwen menm yo pa voye m' jete apre mwen fin moutre lòt yo sa pou yo fè.*" Se menm mo adokimos la ki bay "repwouve" tou, ki vle di "dezapwouve." Kifè Pòl ap di "M' pa vle pou Senyè a ta dezapouvwe m' lè m' va parèt nan prezans Li."

Kounyea note sa ki reprezante kle chapit 6 la "*Nou mèt wè m' ap pale konsa, frè m' yo, mwen gen anpil konfyans nan nou toujou. Mwen konnen nou nan chemen ki pou delivre nou an.*" Otè lèt Ebre a ap di yo: "M' gen garanti nou pral viv pou Bondye, nou p'ap rete ti bebe nan Kris pou toutan men nou va fè pwogrè pou n' grandi."

Ebre 6 :10 *Paske, Bondye pa mechan pou l' ta bliye travay nou fè, ni renmen nou moutre nou gen pou li, lè nou t'ap rann moun k'ap viv pou li yo anpil sèvis, sèvis n'ap rann yo jouk koulye a toujou.*

"Travay nou fè e renmen nou montre" pa ka sove nou, men si n' deja fin sove, yo va rekonpanse nou pou bagay sa yo. Se plas travay ou bon zèv yo sa. Byenke yo pa gen anyen pou wè ak delivrans ou sali nou, yo sètènman gen yon wòl trè enpòtan nan lavi kretyen an.

Ebre 6 :11 *Men, mwen ta renmen wè nou toujou kenbe konsa nan aktivite travay la jouk sa kaba, konsa sa n'ap tann lan ka rive vre.*

Se pa sèlman kòmanse non men nou bezwen kontinye kenbe konsa nan aktivite travay la jouk sa kaba.

Ebre 6 :12 *Mwen pa ta vle nou lage kò nou nan fè parès. Okontrè, se pou nou swiv egzanj moun ki gen konfyans yo, moun ki rete tann ak pasyans. Se poutèt sa yo te resevwa sa Bondye te pwomèt la.*

Bondye fè nou anpil pwomès si nou rete fidèl a Li.

Ebre 6 :13 *Lè Bondye te fè Abraram pwomès la, li te fè sèman li t'ap kenbe li. Li fè sèman an sou tèt li, paske pa gen pi gran pase li.*

Kòm ou konnen, lè w' fè yon sèman oswa prete sèman, ou bezwen fè l' sou non yon bagay ki pi gran pase w'. Men kòm pa gen anyen ki pi gran pase Bondye, Bondye oblije fè sèman sou pwòt tèt Li.

Ebre 6 :14 *Li te di: Mwen pwomèt ou pou m' beni ou, pou m' ba ou anpil anpil pitit pitit.*

N'ap jwenn kote Bondye te fè Abraram pwomès sa yo nan Jenèz 22:15 e Ebre 11:19.

Ebre 6 :15 *Abraram te rete tann ak pasyans. Se konsa li resevwa sa Bondye te pwomèt li a.*

G'on bagay ki bèl anpil isit la. Abraram te ret tann ak pasyans, e yon nouvo asirans te dekoule de sa. Lè w kwè nan Bondye ou mache ak Bondye. Ou grandi nan gras e nan konesans Li atravè etid Pawòl Li. Sa mennen w' nan yon degre asirans kote pawòl pou kont li pa ta ka mennen w'.

Ebre 6 :16 *Lè moun ap fè sèman, yo sèmante sou sa ki pi gran pase yo. Yo pran sèman an pou yon garanti pou fini tout diskisyon yo ka gen yonn ak lòt.*

Lè yon moun konfime yon deklarasyon avèk yon sèman enben se fini, pa gen ayen pou ajoute ankò.

Ebre 6 :17 *Men, Bondye te vle fè moun ki pou te resevwa sa l' te pwomèt la wè aklè li pa t'ap janm chanje pawòl. Se sak fè, li ajoute sèman an dèyè pwomès la.*

Avrèdi lè Bondye pale se fini, Li pa bezwen nan fè sèman ou ajoute yon lòt bagay pou konfime sa L' di a, men L' fè pleyonas la kanmenm, L'ajoute sèman an pou demontre aklè jan sa L'ap di a enpòtan.

Ebre 6 :18 *Konsa, vin gen de bagay la a ki pa ka chanje, de bagay Bondye pa ka bay manti sou yo. Nou menm menm ki jwenn yon pwoteksyon nan men l', sa ankouraje nou anpil pou nou kenbe byen fèm espwa Bondye ofri nou an.*

" *Konsa, vin gen de bagay la a ki pa ka chanje.*" Ki de bagay bagay ki pa ka chanje sa yo ye? Bondye, nan Jenèz 15:4-5, Bondye te pwomèt Abraram pitit pitit li yo va enonbrab tankou zetwal yo nan syèl la, epi pita Li konfime pwomès la avèk yon sèman tankou nou wè sa nan Jenèz 22:16-18. Bondye konfime pwomès ki pa ka chanje Li a avèk yon dezyèm bagay ki pa ka chanje ki se yon sèman. De bagay ki pa ka chanje sa yo te rasire e ankouraje Abraram.

Nan kontèks pa nou an jodia ki sa ki reprezante de bagay ki pa ka chanje yo? Non sèlman nou gen pwomès Bondye te fè Abraram lan pou ankourajman nou, men nou gen jodia yon revelasyon

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

lanmou Bondye ki bokou pi rich ki se kado Pitit Li a. Donk de bagay ki pa ka chanje yo pou nou jodia se: 1. Lanmò ak rezireksyon Kris la e 2. Asansyon L' ak entèsesyon L'ap fè pou nou kounyea nan syèl la.

Kat gran reyalite sa yo rasire nou e ofri nou yon andwa kote nou ka vin pran refij a tèt repoze.

" Nou menm menm ki jwenn yon pwoteksyon nan men l', sa ankouraje nou anpil pou nou kenbe byen fèm espwa Bondye ofri nou an." Sa fè n' sonje vil refij yo Senyè a te etabli pou pitit Izryèl yo selon sa nou li nan Nonb 35, Detewonòm 19 e Jozye 20-21. Vil refij sa yo te sèvi kòm yon tip Kris la ki pwoteje moun ki fè peche a an kont lanmò. Se te yon pwovizyon ekstraòdinè pou moun sa a ki ta touye yon lòt pa aksidan. Petèt moun lan li touye a te ka gen yon ekip frè san cho ki pa ka tann pou tire revanj defen an. Konsa moun ki koupab la te ka kouri chape poul li al nan yon vil refij kote l' ta jwenn pwoteksyon e resevwa jijman. Si yo ta jwenn li pa t' fè espere e ke l' pa gen entansyon touye moun nan vre, li ta gen pou l' rete nan vil refij la jouk lè granpèt pou moman an ta mouri.

Ala yon bèl imaj sa ye pou nou menm jodia! Sa demontre ke Kris se refij nou! Zanmi, yo te deja trennen m' nan tribinal, e nan jijman sa a yo te jwenn mwen koupab. M' te yon pechè. E santans mwen se te pèn kapital la, m' te kondane a mò, e sa ki pi rèd la jijman an te deja fin egzekite. Kris te sibi santans lan nan plas mwen, ou wè sa! Paske L' te mouri nan plas mwen, kounyea mwen lib. M' delivre anba salè peche, yo p'ap janm gen pou rele m' an jijman pou sa ankò, jamè! M' lib kounyea pou m' ale e sèvi Senyè a. Kounyea m' gen yon Granprèt, yon Sovè resisite ke m' ka abòde e adrese nenpòt lè. Ala yon bèl imaj sa prezante nou sou Sovè m nan!

Ebre 6 :19, 20 *Espwa sa a, se tankou yon lank batiman li ye pou nou. L'ap kenbe nanm nou fè m', byen solid. Lank sa nou genyen an, li chouke jouk lòt bò rido tanp ki nan syèl la.*

Se la Jezi te antre an premye pou louvri chemen an pou nou, li menm ki te tounen yon granprèt pou tout tan, menm jan ak Mèlkisedèk.

Lè Senyè Jezi te tounen monte nan syèl, Li te e kontinye ranpli fonksyon Granprèt.

" *Lank sa nou genyen an, li chouke jouk lòt bò rido tanp ki nan syèl la. Se la Jezi te antre an premye pou louvri chemen an pou nou...*" Kris kòm Granprèt te antre nan tanp ki nan syèl la (Ebre 8:5 fè nou konnen se sou modèl ki nan syèl la yo te fè tanp ki sou latè a.) Li travèse lòt bò rido tanp lan pou L'antre nan lye trè sen an, nan prezans Bondye, e prezante L' san Li la. Epi "Li chita sou bò dwat Majeste ki pi wo a."

Donk ou ka wè, yon diferans ki gen ant Aaron ak Senyè Jezi sèke (e m'ap di sa ak tout reverans) pòv Araron pa t' janm resevwa envitasyon chita. Anfèt pa t' menm gen chèz nan tabènak la, alò te gen chèz mizerikòd la men se pa t' pou Araron se te pito yon tip twòn Bondye. Pou Araron se te vizit doktè, kouri antre kouri soti. Men mwen menm avè w' nou gen yon Granprèt kalite siperyè. Li antre. Epi l' rale chèz Li chita. Paske se fini. Li te konplètman fini ak travay redanmsyon an.

Ou ka remake yo di "Se la Jezi te antre an premye". S'il te premye moun ki te antre sa vle di gen lòt k'ap vin dèyè toujou.

" *Espwa sa a, se tankou yon lank batiman li ye pou nou. L'ap kenbe nanm nou fè m', byen solid.*" Anfèt nou gen yon akourajman ki pi solid pase sa Abraram te genyen nan tan li a paske Granprèt nou an te antre davans, an premye nan prezans

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMP production), mstorly@hotmail.com

Bondye pou nou, e jouk jodia Li rete la nan prezans Bondye ap entèsede pou nou.

Waw, ala bèl asirans pou moun ki nan Kris! Se reyèlman anpil bèl gwo koze k'ap di nan lèt Ebre a la men lè nou deja fini, n'ap oblije deplase. M'espere w va rejwenn nou pwochen pwogram pou yon lòt etid bibliik Atravè Labib! Pou kounyea rete avèk lapè e lagras Bondye.